



Manm Asanble

# Phara Souffrant Forrest

**AP GOUmen POU OU!**

Manm Asanble Phara Souffrant Forrest ap fè benevolè nan God's Love, Nou bay pou anbale repa

## TAKSE RICH YO

Iltra rich yo te trike sistèm fiskal New York la pou sèvi enterè yo epi anfonse nou menm rès la. Men Nouyòkè òdinè yo se sila ki fè tout lajan an; nou merite yon sistèm fiskal ki reenvesti nan avni nou olye li sibvansyone benefis antrepriz yo. Si New York te yon peyi, li t ap dizyèm richès nan mond lan. Sa plis pase ase pou bay nou chak libète pou konstui yon lavi ki vo lapèn pou viv.

### PRIYORITE LEJISLATIF 2023 MWEN

Nouyòkè yo travay di. Pou reponn a bezwen fanmi nou yo. Pou ede zanmi nou yo. Pou pran swen vwazen nou yo. Pou nou fè avni nou vin yon avni ke nou ka fyè pou gade pwochèn jenerasyon an ap grandi ladan.

Men, kèk moun rich—pwofitè pandemi yo, milyadè antrepriz yo, devlopè liksyé yo—pran richès travay nou kreye a. Yo chanje règ yo pou yo ka triche nan pri nou yo, ogmante lwaye nou yo, epi anpwazone avni nou ak polisyon.

Si se te pou mwen, mwen t ap wè yon New York kote chak paran ka jwenn swen dekalite pou timoun yo. Kote chak elèv jwenn edikasyon yo bezwen pou dirije demen, san dèt ak règrè. Kote lojman nèf, modèn vle di kay pou nou. Kote yo konstui enèji a van ak enèji solè, bòdwo sèvis publik nou yo diminye, epi avni nou dirije nan bon direksyon an. Kote okenn moun pa dwe renonse a swen sante debaz akoz kapasite yo pou peye.

Sepandan, men bagay la: sa pa depann de mwen. Sa depann de nou. Gen yon rezon ki fè moun rich la depanse tèlman anpil pou eseye alimante laperèz ak divizyon: paske yo konnen ke lè nou goumen, nou genyen. Kidonk men kisa m ap goumen pou li nan bidjè ane sa ak poukisa m ap goumen pou rès sesyon an. Mwen espere w ap rejwenn mwen! Paske lè nou goumen, nou genyen!

### Kisa nou ta ka rekòlte lè nou

#### Takse rich yo

Taks pwogresif sou revni

**+9 milya dola**

Taks sou sosyete:

**+9 milya dola**

Taks sou benefis sou kapital:

**+7 milya dola**

Taks sou richès:

**+8 milya dola**

Taks sou milyadè:

**+34 milya dola**

**TOTAL:**

**67 milya dola**

Sous: Enstiti Politik Fiskal (Fiscal Policy Institute)/ IONY

# SEKIRITE PIBLIK

An 2019, lejislati a te adopte lejislasyon refòm miz an libète sou kosyon konplè epi istorik la. Mezi sa yo te travay pou asire ke yo pa trete okenn moun ke yo chaje de yon krim pi sevèman akoz gwo sè kont bank li. Dapre lwa anvan an, yo ta ka chaje yon moun rich ak yon moun pòv de menm krim egzak la men moun rich la t ap libere alòske yo t ap voye moun pòv la nan Rikers pou yon krim ke yo pa t menm kondane l pou li.

Malerezman, an 2020 epi an 2022 ankò, kèk nan refòm sa yo te febli, epi gen yon anpresman pou febli yo ankò ane sa. Rechèch la klè: refòm sou libète sou kosyon an ki pa mennen nan pousantaj krim ki pi wo epi li pa rekile, p ap fè nou pi pa an sekirite.

Nan yon moman kote Nouyòkè yo enkyete sou sekirite piblik, nou bezwen solisyon ki reyèl, se pa fo refòm. Se poutèt sa m ap goumen pou adopte pwojè lwa mwen an,



Manm Asanble Phara Souffrant Forrest k ap pale ak pwopriyetè biznis lokal yo nan evènman fòmasyon Narcan an nan patenarya ak Manm Konsèy Chi Osse

Tretman pa Prizon, ki ta finanse ekspansyon tribal tretman pou toksikomani ak sante mantal nan chak konte nan eta a. Envesti nan tribal tretman epi abòde koz pwofon ki mennen nan konpòtman kriminèl la ta epaye lajan eta a. Dapre Biwo Administrasyon Tribunal la (Office of Court Administration), pou chak 1 dola ki envesti nan tribal tretman yo, eta a pwodui 2.21 dola benefis, ki vini ak yon ekonomi nè 10,330 dola pou chak patisipan sou senk lane. Lè nou konsidere enpak sou kominote a ki ale pi lwen pase ekonomi pou diminye depans pou moun ki nan prizon ak sistèm tribal la, tankou sante ak byennèt timoun, Sant pou Inovasyon Jistis la (Center for Justice Innovation) prevwa ke envestisman sa nan reyabilitasyon pi enpòtan, gen chans pou fè eta a ekonomize 10 dola pou chak 1 dola ki envesti. Ekonomi sa ijan espesyalman nan Vil New York, kote kontribyab yo depanse plis pase 556,000 dola pa ane pou yon sèl moun ki nan prizon. Imedyatman, envesti nan depans alavans pou reyalize ekonomi nan ane k ap vini yo se egakteman menm kalite apwoch politik entelijan New York ta dwe adopte.

## LOJMAN

Lojman se yon dwa imen debaz, men twòp Nouyòkè jodi a pa ka peye pou yon twa sou tèt yo. Lobiysis imobilye ak gwo pwopriyetè antrepriz yo te trike sistèm nan kont Nouyòkè yo chak jou. Kounye a, moun atravè eta a nan kriz. Lwaye, ekspilsyon ak sitiyasyon sanzabri nan nivo rekò. Pwopriyetè yo ap pouse lokatè yo, ogmante lwaye yo, epi kite kay yo nan delabreman.

Ansanm Nouyòkè k ap fè fas ak yon kriz lojman nan nivo istorik, Nouyòkè lokatè ak sanzabri yo ap reyini ansanm pou mande Albany asire ke chak moun nan New York ka peye yon kay ki an sekirite epi ki desan epi genyen pouvwa pou konbat kondisyon pou viv ki pa sekirize yo.

Ane sa, lejislati Albany yo gen yon chans pou transfòme sistèm lojman nou an fondamantalman lè yo adopte Ekspilsyon pou Bon Rezon (Good Cause Eviction), Pwogram Koupon pou Aksè nan Lojman an, ak Lwa sou Opòtinite pou Lokatè Achte a (Housing Access Voucher Program), epi lè yo bay NYCHA resous li bezwen yo. Lejislati Albany yo ka ede tout Nouyòkè peye lwaye, goumen pou kondisyon lavi ki an sekirite epi desan, epi gen aksè nan yon kay pèmanan, estab pandan y ap pwoteje yo kont predatè ak pwopriyetè k ap abize yo. Priyorite sa yo pa sèlman bon pou Nouyòkè lokatè ak sanzabri yo, men sa ap rann katye nou yo pi sekirize, an sante, epi pi pwospè tou an antye.

## Tretman pa prizon: An chif

**\$2.21**

Montan ekonomi New York fè pou chak 1.00 ki envesti nan tribal ki rezoud pwoblèm yo<sup>1</sup>

**46%**

Diminisyon nan chans pou nouveau arrestasyon pou patisipan nan tribal sante mantal yo<sup>2</sup>

**413**

Kantite moun ki kalifye pou tribal detounman dwòg nan 2021<sup>3</sup>

**8,810**

Kantite moun ki t ap kalitye pou tribal detounman dwòg an 2021 ak Tretman pa prizon<sup>3</sup>

1 Sous: Biwo Administrasyon Tribunal (Office of Court Administration)

2 Sous: <https://www.innovatingjustice.org/publications/fact-sheet-brooklyn-mental-health-court>

3 Sous: Vera Institute of Justice

**584%**

kantite ekspilsyon yo te ogmante depi fen sispansyon ekspilsyon an<sup>1</sup>

**192,811**

kantite ekspilsyon ki te depoze an 2022<sup>2</sup>

**13,402**

apatman ki pa reglemente nan Distri 57 la<sup>3</sup>

**16,827**

apatman lwaye yo te stabilize nan Distri 57 la<sup>3</sup>

**6,071**

apatman NYCHA nan Distri 57 la<sup>4</sup>

**76.3%**

pousantaj lokatè nan Distri 57 la<sup>3</sup>

**45.2%**

pousantaj lokatè nan Distri 57 la ki pa twò chaje ak lwaye yo<sup>3</sup>

Sous 1: <https://blogs.cornell.edu/nysevictions/>

Sous 2: <https://blogs.cornell.edu/nysevictions/home/>

Sous 3: <https://blogs.cornell.edu/nysevictions/nys-assembly-housing-factsheet-generator/>

Sous 4: <https://my.nycha.info/DevPortal/>

# EDIKASYON POU TOUT MOUN

## Yon nouvo akò pou CUNY ak SUNY

SUNY te fonde nan yon moman kote enstitisyon edikasyon siperyè prive New York yo te gen anpil diskriminasyon epi yo pa t sèvi pou anpil Nouyòkè. Lè yo te remake sa, Komisyen Tanporè sou Bezwèn pou yon Invèsite Eta a te rekòmande kreyasyon yon sistèm invèsite eta publik. An 1948, yo te adopte lejislasyon ki etabli SUNY sou baz lekòl fòmasyon pwofesè ki te tabli nan 19yèm syèk la.

Menm jan, pou pifò istwa CUNY, li te goumen pou rete vrè ak ide ke yon edikasyon invèsite strik ta dwe disponib pou « pitit tout pèp la » epi pa sèlman « kèk privilejye » lè yo chanje depans edikatif limite pou kèk matyè pandan y ap kenbe depans invèsitè yo pou lòt moun. Men, an 1976, nan wos kriz finansye vil la, CUNY te adopte modèl frè ekolaj konplè ke yo te mete anplas nan SUNY depi 1963 a. Enskripsyon pou CUNY ak SUNY alafwa te ogmante pandan tout fen ane 50 yo, ki te fè New York yon lidè nan edikasyon publik dekalite epi ede eta a vin santral ekonomik li ye aktyèlman an.

Men, apati 2010, enskripsyon te kòmanse diminye. Pandemi COVID la te sèlman ranfòse tandans sa. Li difisil pou pa dakò kounye a ke: Sistèm edikasyon siperyè publik New York la nan kriz. Pandan frè ekolaj ak lòt depans yo te ogmante, deplizanpli Nouyòkè ke deside ke pri pou enskri a pa nan nivo yo.

Etidyan nwa yo te santi ogmantasyon depans pou resevwa yon edikasyon invèsitè nan nivo ki pa pwopòsyonèl, ak sila ki ale nan Medgar Evers College yo, ke mwen fyè pou reprezante isit la distrik lakay mwen.

Se poutèt sa m ap mande Eta New York pou adopte yon Nouvo Kontra pou CUNY ak SUNY Sa t ap rann frè ekolaj la gratis pou chak Nouyòkè ki vle ale, k ap ogmante opòtinité pou chak moun epi rebay eta nou an vi.

**\$8.17**

montan ki tounen al jwenn Eta New York pou chak 1.00 dola ki envesti nan SUNY<sup>1</sup>

**79%**

Kantite gradye CUNY ki travay a tan plen nan Eta New York<sup>2</sup>

**56,384**

refi pou enskri nan kolèj komunitè soti 2010 a 2019<sup>3</sup>

**\$2,883**

ogmantasyon nan frè ekolaj an mwayèn nan SUNY soti 2012 a 2021<sup>3</sup>

Sous 1: <https://files.eric.ed.gov/fulltext/ED605798.pdf>

Sous 2: <https://comptroller.nyc.gov/reports/cunys-contribution-to-the-economy/>

Sous 3: <https://tableauserver.suny.edu/t/IRPublic/views/Enrollment2011-2021/CampusEnrollment>



Manm Asanble Phara Souffrant Forrest nan yon rali nan Manhattan ap mande taks sou rich yo



Manm Asanble Phara Souffrant Forrest ak Senatè Jabari Brisport nan yon rali nan Albany pou sipòte Pwogram Ekspilsyon pou Bon Rezon ak Koupon pou Aksè nan Lojman an

# Rasanbleman sou Sèvis pou Elektè

Goumen pou adopte lejislasyon pou klas k ap travay la nan Albany se sèlman yon pati nan travay mwen. Biwo mwen an travay di tou pou ede elektè yo lè yo fè fas ak pwoblèm ak lè yo bezwen sipò nan men Eta a. Nou jere tout bagay soti nan plent ki gen rapò ak lojman rive nan asirans chomaj a aksè nan travay a swen sante ak tout sa ki lye yo. Nou tire done nou yo nan ane ki pase a epi nou te jete yon koudèy sou fason nou te fè pou ede vwazen nou yo.

Volontè 2022

**30**

Dosye  
Elektè 2022

**468**

Dosye Elektè  
Depl mwen antre an  
fonksyon

**1,068**

Aplikasyon NYCHA  
ERAP ki te soumèt  
**1,025**

Dosye Lojman  
**396**

Dosye Sante

**92**

Dosye Benefis  
Chomaj

**188**

New York State Assembly • Albany, New York 12248



Ivè/ Prentan 2023  
Manm Asanble  
**Phara  
Souffrant Forrest**

**AP GOU MEN POU OU!**



## FÈ BENEVÒL NAN BIWO MWEN AN

Nou gen opòtinité volontarya pou rezidan ki enterese yo! Benevòl nou yo ede nan tout bagay soti nan penti ak bank telefòn rive nan travay nan biwo ak sipò elektè. Anplis, biwo mwen an ap akeyi yon klinik sou lojman pa mwa pou elektè ki bezwen sipò legal ak pwoblèm lojman.

Pou patisipe nan yon evènman oswa fè volontarya nan biwo mwen an, vizite [bit.ly/pharaoffice](http://bit.ly/pharaoffice).

Pou èd ak nenpòt lòt pwoblèm, tanpri kontakte biwo distri nou an!  
Nou ouvè Lendi-Vandredi 10am-5pm.

Shirley A. Chisholm State Office Building  
55 Hanson Place, Room 328  
Brooklyn NY 11217  
718-596-0100  
ad57@nyassembly.gov

